

## Fòm pou mande egzansyon pou klas Lavi Fanmi/Edikasyon Seksyèl 2021/2022 (Tout Klas)

Lwa Leta Florid Statute 1003.42 ekzije pou yo anseye klas Edikasyon seksyèl (Human Sexuality Education) nan kad Pwogram ansèyman konplèt sou sante (Comprehensive Health Education Program). School Board of Broward County, Florida, otorize lekòl-yo anseye klas Lavi Fanmi/Edikasyon Seksyèl ak Prevansyon VIH/SIDA (Family Life/Human Sexuality and HIV/AIDS Prevention) kòm yon konpozan klas Edikasyon Lasante.

Regleman Family Life/Human Sexuality Policy, Policy 5315 deklare:

“Li esansyèl pou nou gen yon kourikoulòm konplèt sou sante ak edikasyon seksyèl, pwogram ki dwe konfòm ak rekòmandasyon nòm nasyonnal pou Edikasyon seksyèl. Konsa chak elèv kapab resevwa menm kalite enfòmasyon, ki nesesè pou ede-li konprann klas-sa-a epi viv an bon sante.”

Lekòl piblik Broward County respekte dwa fanmi ak wòl-yo nan edikasyon pitit-yo. Selon lwa Florid Florida Statute 1003.42(3), “Nenpòt elèv fanmi-li ekri direktè lekòl-la pou mande yo egzante pitit-li nan klas kote pwofesè anseye sante repwodiksyon (reproductive health) oswa bay enfòmasyon sou nenpòt maladi, nan klas kote pwofesè diskite VIH ak SIDA (HIV/AIDS), sentòm maladi-a, devlopman ak tretman-li, ap jwenn yon egzansyon pou klas-la, san elèv-la pa bezwen pè yo pini-li.”

**Si ou pa vle pitit-ou patisipe epi ou vle nou eskize l pou klas-sa-a, ranpli fòm ki anba-a epi retounen-ni nan lekòl pitit-ou. Nou kapab fè aranjman pou pitit-ou gen yon lòt aktivite oswa devwa lè yap esplike leson Lavi Fanmi/Edikasyon seksyèl (Family Life/Human Sexuality).**

Nou apresye enterè-ou ak kowoperasyon-ou nan egzekisyon Pwogram ansèyman konplèt sou sante.

Direktè lekòl-la te chwazi pwofesè ki resevwa fòmasyon Distrik-la rekòmande pou vin fè prezantasyon kourikoulòm Family Life/Human Sexuality. Ekspè ke Distri-a apwouve kapab fè prezantasyon tou sou prevansyon enfeksyon ak maladi seksyèlman transmisib, kòm yon resous siplemantè.

Ou kapab revwa epi gade kontni tout pwogram ansèyman an (kourikoulòm) ak materyèl edikatif lè ou vizite sit Entènèt <https://www.browardschools.com/page/33679> oswa pran yon randevou ak lekòl pitit-ou. Ou kapab jwenn resous adisyonnèl pou paran, ak videyo ki prezante estrateji sou jan ou ka pale ak pitit-ou osijè sante seksyèl sou sit <https://www.browardschools.com/page/45860>.

**Note: Tanpri tcheke epi siyen anba a, si ou pa vle pitit-ou patisipe epi ou vle nou eskize l pou klas sa. Fòm-sa-a dwe ranpli epi soumèt/depoze nan lekòl-la, chak ane, NAN 10 JOU APRE PREMÈ JOU LEKÒL LOUVRI oswa apati dat anwolman nan ka elèv-la anwole apre kòmansman chak ane eskolè. Si ou pa retounen fòm-sa, sa va ban-nou pèmision pou kite pitit-ou patisipe nan klas Family Life/Human Sexuality epi swiv leson kourikoulòm-la.**

\_\_\_\_\_ MWEN PA vle pitit-mwen patisipe nan okenn leson Family Life/Human Sexuality (Lavi Fanmi/Edikasyon Seksyèl).

Non lekòl-la \_\_\_\_\_

Non elèv-la \_\_\_\_\_ Klas (Grade) \_\_\_\_\_

Non Paran/Gadyen (ekri an lèt detache) \_\_\_\_\_

Siyati Paran/Gadyen \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_